


Ou menm ak Tibèkiloz



**Depatman Sante Piblik nan Massachusetts
Depatman pou Prevansyon ak Kontwol Tibekiloz
2003**

Maladi Tibèkiloz nan peyi a kounye a menm



**20 Milyon moun malad chak ane
3 Milyon mouri chak ane**

Kisa Tibèkiloz ye?

Sè lè

ou


respire

vye jèm ki

rantre nan


poumon w ki

koze maladi sa a.




Tibèkiloz (TB) Genyen 2 etap


Enfeksyon TB



Maladi TB



Enfeksyon TB




Jèm:

- Lap dòmi men
li toujou vivan
- Li rete arebò
sistèm defans
kò a(li bloke l)

Moun nan:

- Pa malad
- Li pa kontayje

Maladi TB




Jèm yo:

- Je yo klè
epi yap miltipliye
- Yap fè ravaj
nan kò w

Moun nan:

- Ka santi l malad
- Li kontajye

Kisa ki fe enfeksyon Tibèkiloz vin tounen maladi Tibèkiloz ?



**Miray defans lan kraze lè systèm
Defans kò a vin two fèb**

Kisa ki fè Sistèm Defans kò a vin Fèb ?

- Mal manje**
- Tèt chaje/Enkyetid/tansyon emosyonèl**
- Bwè twòp alkòl**
- Lè w enfekte avek HIV (virus ki bay SIDA a)**
- Kèk medikaman**
- Lè w jèn anpil oubyen lè w gramoun anpil**
- Lòt problèm sante**

Sentòm maladi a

□ Touse


□ Pèdi pwa

□ Fatig


□ Swe pandan lannwit

□ Lafyèv

Yo ka Jwenn Tibèkiloz nan tout pati nan ko w



Jèm TB Ka Epapiye lèyon Moun ki Kontajye:




**Ou ka gen enfeksyon tibèkiloz la si ou
pase anpil tan andedan kay avèk moun ki
malad la.**

Jèm TB Pa Ka Simaye lè w:

- Si:w pa Ekspoze pou lontan**
- Nan pataje manje ak sèvi
avèk menm asyèt, koblè kiyè, fouchèt
ak kouto**
- Nan sèvi avèk sèvyèt ak rad**
- Nan manyen manje**

Gen yon Tès pou Enfeksyon Tibèkiloz

Tès yo rele “PPD” a yo fè nan po a




Èske *ou* dwe teste pou enfeksyon TB?

Wi, I=Si Ou...

- Abite oubyen travay kote ki gen anpil moun**
- Te pase tan bò kote yon moun ki te malad avèk tibèkiloz**
- Sistèm defans kò ou fèb**
- Te soti nan yon peyi kote anpil moun gen malad tibèkiloz**
- Pran dwòg ak zegwi**
- Moun ki travay nan domèn sante**


Pa bliye



**Ou dwe retounen pou yo tyeke tès
tibèkiloz ou a pou ou!**

Yon Tès Tibèkiloz nan Po ki Pozitif Vle di:


- Ou gen enfeksyon TB**
- Wap bezwen fè yon radyografi poumon**
- Ou ka bezwen pran medikaman**



**Men sa pa vle di ke ou ka ba lòt
moun jèm TB**

Medikaman TB

- Se sèl fason pou tiye jèm TB**
- Pran li pou mezi tan doktè w mande pou pran l**
- Nenpòt pwoblèm ki rive fè doktè w la konnen touswit**



Vaksen “BCG”

- Tout peyi itilize li pou
anpeche timoun gen
maladi tibèkiloz**
- Se pa twò souvan yo itilize
l nan peyi Etazini**
- Se pa tout lè li travay**
- Li ka fè yon ti reyaksyon si
w te pran l déjà epi ou vin
fè tès “PPD” a**

Ede anpeche TB epapiye

- Ouvè fenèt pou lè fre antre**
- Kouvrir bouch ou lè wap touse**
- Mennen yon vi ki an sante**

**Pataje sa w konnen avèk lòt
moun**

